

ВЕЖАРИЙ ГРИММ

# КIАЙЛАЙДАРГ



Иза Іаьнан заманахь дара. Стиглара кІайн лайн чимаш дара охьаоьгуш. Корана уллохь хІума тоьгуш Іаш яра паччахьан зуда. ЦІаьххьана цуьнан пІелгах маха Іоттабелира. Цуьнан пІелгах баьлла болу цІийн кхо тІадам охьабуьйжира. Эццахь паччахьан зудчунна дагатесира: «ХІара кІайн ло санна, кІайн а долуш, хІара цІий санна, цІен беснеш а йолуш, хІара корийн гонахара дечиг санна Іаьржа месаш а йолуш, бер хилхьара сан», – аьлла.

Дукха хан ялале цуьнан йоІ хилира. Иза, ло санна, кІайн а, цІий санна, цІен беснеш йолуш а, корера дечиг санна, Іаьржа месаш а йолуш, яра. Цунна, КІайлайдарг аьлла, цІе тиллира. И бер дуьнен чу долуш паччахьан зуда елира.

Цхьа шо даьлча паччахьо шена кхин зуда ялийра. Иза вуно хаза яра, амма дукха чІогІа кура яра. Цуьнга чІогІа ца лалора, шел хаза цхьаъ хилча. Цуьнгахь бозбунчаллин куьзганан бІаьрг бара. Цо, сихсиха цунна хьалха а хІуттий, хоттура:

– Мила ю хІокху дуьнен чохь массарал хаза а, массарал цІен бос болуш а, кІайн а?

Ткъа куьзгано дуьхьал жоп лора:

– Хьол хаза цхьа а яц! – олий.

Паччахьан зуда цу дешнашна чІогІа резахуьлура.

Ткъа КІайлайдарг йоккха хуьлуш яра, хазлуш а лаьттара. Шен ворхІ шо кхаьчча, сирла де санна, чІогІа хаза яра иза. Ткъа паччахьан зудчо шен куьзгане юха а хаттар дира:

– Мила ю хІокху дуьнен тІехь массарал хаза а, массарал цІен бос болуш а, кІайн а?

Куьзгано жоп делира:

– Хьо ю, паччахьан зуда, массарал цІен бос болуш а, кІайн а, амма КІайлайдарг хьол эзарзза хаза ю.

Эццахь паччахьан зуда, и хІума ца лайна, мажъелира. КІайлайдарг гушшехь, дог детІара цуьнан: цу тайпана чІогІа ца езаелира цунна и шен меран йоІ. ХІетахь дуьйна синпаргІато яйнера цуьнан.

Цхьана дийнахь хьунларъечарех цхьаъ тІе а кхайкхина, цо элира:

– КІайлайдарг генна хьуьнах дІайига, со кхин и гича мегаш яц. И ен а ей, и ер билгалонна цуьнан пехаш а, доІах а схьада суна.

Хьунларъярхочо, шега бохург а дина, хьуьна юккъе дІайигира йоІ. Таллархойн урс схьа а даьккхина, цхьа а бехк боцучу йоІана дагах и урс Іотта иза кечвеллачу хенахь, важа, елха а йоьлхуш, дехарш дан йолаелира:

– Хьоме хьунларъярхо, йитахь со дийна! Со генна хьуьна юккъе а яхана, цкъа а юхайогІур яц хьуна.

Хазачу йоІах къа а хетта, хьунларъярхочо элира:

– Делахь, иштта хуьлийла хІара! ДІаяда хьайна, миска йоІ!

Даг тІера тІулг охьабоьжча санна, паргІатвелира хьунларъярхо. Эццахь цунна бедда тІебеара къона сай. Хьунларъярхочо, иза бен а бий-

на, цуьнан пехаш а, доIах а паччахьан зудчунна дIадавхьира, цо дина омра кхочушдаран билгалонна.

Миска йоI ша цхьаъ йисира йоккхачу хьуьнхахь. Ша хIун дан деза ца хууш, йоьхна дIасахьоьжуш яра иза.

Цхьана меттехь лаьттачул, ядар гIоле а хетта, шен са ма-дду, дIаедира иза. Ирачу тIулгаш тIехула тийса а луш, кIохцалийн коьллашна юккъехула чекхъюьйлура иза. Ткъа гонаха акхарой яра дIасалелхаш, амма цара йоIана хIумма а ца дора.

ЦIаьххьана дIахьаьжначу цунна цхьа жима цIа гира. Иза садаIа цу чу яхара. Жима цIа хаза кечдина дара. Цу чохь мел йолу хIума жима а, хаза а яра. КIайн шаршу тIетесна йолу стол яра лаьтташ. Ткъа цу стоьла тIехь ворхI жима бошхап а дара. Цу бошхепашна уллохь Iайгаш а, ворхI жима урс а, мIерий а, ворхI жима чагIар молу кад а бара. Пенна уллохь моггIара алаьтташ ворхI жима маьнга а бара, шайна тIетесна кIайн шаршуш а йолуш.

Мацъелла йолчу КIайлайдаргана яахIума дагаеара. ТIаккха цо хIора бошхепа чуьра жим-жима хасстоьмаш а, цхьацца баьпкан юьхк а схьа а эцна, хIора чагIар молучу кеда чуьра цхьацца тIадам чагIар а мелира, цхьаннан вукхунчул кIезиг ца хилийта.

КIадъелла йолу КIайлайдарг цу чохь лаьттачу маьнгех цхьанна тIе яхара, дIайижа дагахь, амма и маьнга цунна дукха боца бара. Кхечаьрга хьоьжуш, эххар а ворхIалгIачу маьнгина тIекхечира иза. И маьнга цунна гIеххьа хилира. Цу тIе дIайижча, КIайлайдаргана наб кхийтира.

Дикка Iаржъеллачул тIаьхьа цу цIийнан дай цIа баьхкира. Уьш бара лам чохь маьIда* доккхуш болу ворхI буьйдолг**. ВорхI стогар а латийна, цIа чохь серлаяьлча, буьйдолгашна хааделира, шайн чохь цхьаъ хилар.

– Мила ву сан гIантана тIехь хиъна Iийнарг? – хьаьттира хьалхарчу буьйдолго.

– Хьан йиъна сан бошхепа чуьра? – хьаьттира шолгIачо.

– Ткъа сан баьпкан юьхк схьаэцнарг мила ву? – мохь туьйхира кхоалгIачо.

– Сан хасстоьмаш биънарг мила ву? – аьлла, цецвелира воьалгIаниг.

– Сан мIара хьабинарг мила ву? – мохь хьаькхира пхоьалгIачо.

– Ткъа сан уьрсаца хIума хадийнарг мила ву? – аьлла, мохь белира ялхалгIачуьнга.

ВорхIалгIачу буьйдолго хаьттира:

– Мила ву хIокху сан кеда чуьра чагIар мелларг?

Юхахьаьжначу хьалхарчу буьйдолго, шен меттара жимма хьарчийна шаршу а хааелла, хаьттира:

– ХIокху сан меттахь вижна Iиллинарг мила ву?

---

* МаьIда – оьрсаша «полезные ископаемые» олу цунах.
** Буьйдолг – оьрсаша «гном» олуш йолу жин тайпа хIума.



Цунна тIебевддачу вукху буьйдолгаша а бохура:
– Сан меттахь а Iиллина-кх цхьаъ вижина.
ДIахьаьжначу ворхIалгIачу буьйдолгана шен меттахь йижина Iуьллу йоI гира. ТIаккха цо вуьш а тIекхайкхира. Стогарш а деана, цара серлаяьккхира КIайлайдарг йижина йолу меттиг.
– ЭхI, ма хаза йоI а ю! – бохура цара.
Амма, иза шайна хазахеттехь а, иза самаяккха ца лиира царна. Ткъа ворхIалгIачу буьйдолго хIора шен накъостана уллохь охьавуьжуш, цхьацца сохьтехь наб йира. Иштта дIаелира и буьйса.
Iуьйре тIееара. Самаяьлла йолу КIайлайдарг, ворхI буьйдолг а гина, кхераелира. Амма цара кIеда-мерза хаьттира цуьнга:
– Хьан цIе хIун ю?
– Сан цIе КIайлайдарг ю, – аьлла, жоп делира цо.
– Тхан цIа чу муха кхаьчна хьо? – кхин дIа а хеттарш дора буьйдолгаша.
ТIаккха йоIа царна дийцира шен десте ша ен гIерташ хиларх а, хьунларъярхочо шех къинхетам бархх а, дехачу дийнахь ша хьуьнаюккъехула едда леларх а, тIаьххьара а ша церан цIенна тIе нисъяларх а лаьцна.
ТIаккха буьйдолгаша хаьттира КIайлайдарге:
– Тхан чохь гIуллакхаш деш Iан лаьий хьуна? Юург ян а, меттанаш нисдан а, хIуманаш йитта а, бедарш тега а, юца а, цIа цIена латто а? Нагахь хьо оцу хIуманна реза елахь, оха хьуна мел оьшург латтор ду.
КIайлайдарган кхин яха меттиг бацара, цундела иза йоккхаерца резахилира цара аьллачунна. Буьйдолгаш Iуьйранна маьIда а, деши а даккха лаьмнашка дIабоьлхура, ткъа суьйранна уьш цIа богIура.
ЙоI дийнахь ша чохь йиса езаш хуьлура, цундела къинхетамечу буьйдолгаша иза ларйора:
– Ларлолахь хьайн дестечух: цунна кестта хуур ду хьуна хьо кхузахь юйла. Хьожуш хилалахь, цхьа а стаг вайн цIа чу ма ваийталахь.
Ткъа паччахьан зудчунна, ша КIайлайдарган пехаш а, доIах а диъна хилча, юха а моттаделира, ша цу пачхьалкхехь массарел а хаза ю. Куьзгана хьалха дIа а хIоьттина, цо хаьттира:
– Мила ю дуьнен чохь массарал хаза а, массарал цIен бос болуш а, кIайн а?
Ткъа куьзгано цуьнга жоп делира:
– Кхузахь хьо ю массарал хаза а, кIайн а, амма КIайлайдарг буьйдолгаш болчохь Iаш а ю, кхуьуш а ю, хазлуш а ю, зазадоккху зезаг санна. Иза хьол ээарзза хаза а ю!
Эццахь паччахьан зудчун даг тIе ямартло йоьссира – цунна хаьара, куьзгано гуттар а бакъдерг дуьйцийла. И кхийтира хьунларъярхочо, КIайлайдарг ен а ца юьйш, ша ле а йина, дIаяхийтина хилар. Юха а ойла ян а, пал тийса а йолаелира иза, КIайлайдарг муха хIаллакйийр яра те бохуш. ТIаьххьара а цунна дагадеара: юьхь тIе басарш а хьаь-



кхна, хIума юхкуш лела йоккха стаг санна кечъяла, ша цхьанна а йовза ца йовзийта.

Цу тайпана кечъелла йолу иза ворхI ломал дехьа вехаш волу ворхI буьйдолг волчу яхара. НеI а тоьхна, цо элира:

– Дика хIуманаш ю юхкуш! ДIаелла неI!

Корах арахьаьжначу КIайлайдарга хаьттира:

– Марша йогIийла, дика йоккха стаг! Ахьа юхкуш ерг хIун ю?



– Дика хIуманаш ю, – жоп делира йохкархочо. – Бес-бесара хьалха доьхку чимчаргIаш а ду.

ЧимчаргIашна юкъара къорза бос берг схьадаьккхира цо.

«ХIара йоккха стаг-м чуйита мегар долуш ма ю», – аьлла, дагатесначу КIайлайдарга неIарера гIуй дIабаьккхира. ЙоIа шена хаза чимчаргIаш ийцира.

– ЭхI-хIай, мел хаза хета уьш хьуна тIехь, – элира йоккхачу стага. – Хьайтал, аса дIадехка уьш хила ма-деззара.

Даг тIехь цхьаннан а вочу хIуманан ойла йоцчу КIайлайдарга, цунна хьалха дIа а хIоьттина, шена керла чимчаргIаш дIадехкийтира.

Йоккхачу стага чехкка, къевллина дIадехка долийра чимчаргIаш. Цо уьш тIех чIогIа дехкарна, йоI, садукъделла, лаьтта охьаюьйжира.

– Хьо массарал а хаза хиларна ду хьуна хIара, – аьлла, паччахьан зуда сихха къайлаелира.

Суьйранна цIа баьхкинчу буьйдолгашна шайна дукха езаш йолу КIайлайдарг, меттах а ца хьовш, елча санна, Iуьллуш гира! Ма чIогIа кхерабеллера уьш! Иза хьалаайича, йоI къевллина дIайихкина хилар гира царна. Буьйдолгаша чимчаргIаш, хедийна, дIадехира. ТIаккха КIайлайдарг жим-жимма садеIа йолаелира. Иза иштта йогI-йогIуш меттаеара.

ХIара дерриг а шайна хиъча, буьйдолгаша элира КIайлайдарге:

– Къена махлелорхо паччахьан дера зуда хилла. ТIаккхахула ларлолахь, тхо цIахь доцчу хенахь цхьа а чу ма ваийталахь.

Ткъа паччахьан зудчо, шен цIа а йирзина, куьзганна хьалха дIа а хIоьттина, хаьттира:

– Мила ю дуьнен тIехь массарал хаза а, массарал кIайн а?

Куьзгано юха а жоп делира:

– Кхузахь хьо ю массарел хаза а, массарел кIайн а, амма КIайлайдарг буьйдолгаш болчохь Iаш а ю, кхуьуш а ю, хазлуш а ю, зазадоккху зезаг санна. Иза хьол эзарзза хаза а ю!

Шена и къамел хезча, паччахьан зуда, дукха оьгIазъяхарна, Iаржъелира. Иза кхийтира КIайлайдарг юха а дийна йисина хиларх.

– ХIинца-м ас цхьа говза хIума дийр ду, хьо билггал хIаллакьен дерг! – элира цо ша-шега.

Ша лелочу бозбунчаллица цо дIаьвше ехк кечйира. ТIаккха, ша кхин йоккха стаг ю моттийта, шена тIе кхин хIуманаш а юьйхина, ворхI ломал дехьа вехаш волу ворхI буьйдолг волчу яхара иза. НеI а тоьхна, цо элира:

– Дика хIуманаш ю юхкуш! Эца шайна!

Корехула ара а хьаьжна, КIайлайдарга элира:

– ДIагIо хьайна, суна цхьа а чуваийта магийна дац!

– Делахь, хIокхуьнга хьажа мукъане а хьажа! – олуш, йоккхачу стага ехк хьалакховдийра. – Ткъа хIинца схьайтал, аса хьакха ма-еззара ехк хьоккхур ю хьан месех.

ХIумма а дагахь доцчу мискачу КIайлайдарга йоккхачу стаге шен

коьртах ехк хьакхийтира. Амма цо и ехк цуьнан месех юллушехь, цу сохьта дӀовш дӀасадаржа доладелира цуьнан дегӀах. ЙоӀ, чохь са доцуш санна, лаьтта охьаюьйжира.

– ХӀинца-м чекхдели хьуна хьан дахар, малх санна, хаза йолу йоӀ! – аьлла, дера зуда дӀаяхара.

Цуьнан ирсана и гӀуллакх суьйренца дара. Дукха хан ялале ворхӀ буьйдолг шайн цӀа юхавирзира. Царна КӀайлайдарг цӀенкъахь, елча санна, Ӏуьллуш карийра. Уьш шекбевлира и болх дестечо бина хиларх. ТӀаккха иза хӀун бахьана долуш хилла техьа аьлла, леха буьйлабелча, царна йоӀан месех йоьллина дӀаьвше ехк карийра. И ехк месаш юккъера схьайоккхушехь, КӀайлайдарг меттаеара. Цо шена хилларг буьйдолгашка дӀадийцира. Ткъа цара юха а цунна тӀера кхерам дӀа ца баьллийла хаийтира, иза ларъялийтархьама. Цара юха а цхьанна а адамана кор-неӀ дӀа ма делла аьлла, тӀедиллира йоӀана.

Ткъа паччахьан зудчо, цӀа а еана, куьзганна хьалха охьа а хиъна, элира:

– Мила ю дуьнен чохь массарел хьоме а, массарел хаза а, кӀайн а?

Юха а куьзгано жоп делира:

– Кхузахь хьо ю массарел хаза а, кӀайн а, амма КӀайлайдарг ю буьйдолгаш болчохь Ӏаш. Иза кхуьуш а ю, хазлуш а ю, заза доккху зезаг санна, иза хьол эзарзза хаза а ю!

Куьзгано бохург шена хезча, иза, чӀогӀа оьгӀазъяхар бахьана долуш, егийра.

– КӀайлайдарг яла еза! – аьлла, мохь хьаькхира цо.

Иза а аьлла, паччахьан зуда къайлаха чоь йолчу чуяхара: цу чу цхьа а стаг воьдуш вацара. Паччахьан зудчо цу чохь чӀогӀа дӀаьвше Ӏаж кечбира. И Ӏаж чӀогӀа хаза а, цӀен а хиларна, хьеннан а и баа дог догӀур долуш бара. Амма цу Ӏожах цхьа цуьрг а дӀакхаьллинарг лийр волуш вара.

Ӏаж кечбина баьлча, паччахьан зуда шен юьхь тӀе басарш а хьаькхна, мискачу нехан духар а дуьйхина, ворхӀ ломал дехьа вехаш волу ворхӀ буьйдолг волчу яхара.

Цо неӀ туьйхира. КӀайлайдарго, корах корта ара а баьккхина, элира:

– ЦӀа чу цхьа а ваийта ца магийна суна.

– Бакъ лоь, – жоп делира зудчо, – амма ас стенга хьур ду сайн Ӏежаш? Безий хьуна? Царех цхьаъ лур бу ас хьуна.

– ХӀан-хӀа! – элира КӀайлайдарго, – соьга цхьа а хӀума схьа ма эца аьлла.

– Хьо хӀара дӀаьвше хиларна кхоьру? – хаьттира йоккхачу стага. – Хьажал, ас хӀара Ӏаж шина декъе боькъур бу: цӀен дакъа ахь даа, кӀайниг аса дуур ду.

И Ӏаж чӀогӀа хӀиллане говза кечбина бара: цуьнан цӀийелла йолу агӀо бен дӀаьвше яцара. Зудчо шегахь дитина долу дакъа дууш гича, са а ца тохаделла, корехула куьг схьа а кховдийна, Ӏожан дӀаьвше долу дакъа дӀаийцира йоӀа.





Іаж дІакхоллушехь, йоІ елла охьаюьйжира. Паччахьан зудчо, шен оьгІазечу бІаьргашца цуьнга а хьаьжна, чІоггІа ела а елла, элира:

– Ло санна, кІайн а, цІий санна, цІен а, Іаьржа дечиг санна, Іаьржа месаш йолу хьо хІинца-м цкъа а самайоккхур яцара оцу буьйдолгаша!

Юха цІайирзинчу паччахьан зудчо куьзгане хотту:

– Мила ю дуьнен чохь массарал хьоме а, хаза а, кІайн а?

Куьзгано цунна жоп делира:

– Хьол хаза цхьа а яц! – аьлла.

ТӀаккха паргӀатделира цуьнан хьагӀ йолу дог, и тайпана долу дог паргӀат мел далало.

Ткъа суьйрана цӀа бирзинчу буьйдолгашна КӀайлайдарг, са а ца доьӀуш, елла Ӏуьллуш карийра. Иза хьала а айина, дӀаьвше хӀума леха буьйлабелира уьш: чимчаргӀаш дӀа а даьстира, месаш а шарйира, хица а, чагӀарца а и лийча а йира, амма цхьана а хӀумано гӀо ца дора – миска йоӀ еллачохь йисира.

ТӀаккха и дӀайоллале, барамна тӀе а йиллина, цунна гонах ворххӀе а охьа а хиъна, белхар хӀоттийра цара. Иштта белхар латтийра цара кхаа дийнахь.

ТӀаккха цара сацам бира и дӀайолла, амма КӀайлайдарган сибат дийна йолуш санна, дара – беснеш а хаза а, цӀен а яра цуьнан.

– Иза иштта а йолуш, лаьттах йолла муха мегар ду? – элира цара.

ТӀаккха цара сацам бира цунна ангалин яьшка ян, иза массо а агӀор гуш хилийтархьама.

ЙоӀ цу чу а йиллина, дашочу элпашца цуьнан цӀе а, иза паччахьан йоӀ хилар а дӀаяздира цара ангалина тӀе. И яьшка гу тӀе а яьккхина, цига охьа а йиллина, рогӀ-роггӀана ларйора цара.

Олхазарш а даьхкира КӀайлайдаргана белхар дан: дуьххьара бухӀа, тӀаккха къиг, ткъа тӀаьххьара кхокха а беара.

Дуккха а Ӏиллира КӀайлайдарг ангалин яьшки чохь. Иза йижина Ӏуьллуш санна хеталора: ло санна,  кӀайн а, цӀий санна, цӀен беснеш а яра цуьнан, Ӏаьржа дечиг санна, Ӏаьржа месаш а яра.





Цхьана дийнахь цу хьуьнахула паччахьан кIант вара чекхволуш. Иза буьйдолгаш болчохь буьйса йоккхуш сецира. Цунна гира гу тIехь лаьтташ йолу ангалин яьшка а, цу чохь Iуьллуш йолу КIайлайдарг а. Паччахьан кIанта дIадийшира цу ангали тIера дашочу элпашца яздина долу йоза. ТIаккха цо буьйдолгашка элира:

– И ангалин яьшка суна лойша, ас цунах аш деххнарг лур дара.

Амма буьйдолгаша жоп делира:

– Оха и дIалур яц, кху дуьнен тIера дерриге а деши делча а.

– Делахь совгIатна лойша иза суна, – элира паччахьан кIанта, – со ца Iало КIайлайдарг ца гуш! Ас сий дийр ду цуьнан, лорур а ю, сайн езар санна!

ТIаккха дикачу буьйдолгаша, цунах къа а хетта, дIаелира цунна и яьшка. Паччахьан кIанта омра дира шен ялхошка, и яьшка, белшаш тIе а йиллий, дIахьо аьлла.

Амма цара, ца хууш таса а белла, и яьшка чIогIа ластийча, КIайлайдарган легашкара цо кхаьллина йолу дIаьвше Iожан юьхк, схьа а яьлла, охьаюьйжира. БIаьргаш дIа а биллина, яьшкин негIар хьала а айина, цо элира:

– Ва, Веза Дела, со мичахь ю те?

– Хьо соьца ю, – аьлла, жоп делира хазахеттачу паччахьан кIанта, цунна хилларг дерриге а цуьнга дийца а ца дуьйцуш. ТIаккха цо элира:

– Хьо суна кху дуьненахь долчу массо а хIуманал хьоме ю: ялохьа соьца сан да волчу гIала, тIаккха хьо сан зуда хир ю.

КIайлайдарг реза а хилла, и шиъ цхьаьна дIадахара. ТIаккха цара доккха ловзар дира.

Ткъа цу ловзарга кхайкхина КIайлайдарган дера десте а яра. ЦIен хаза коч тIе а юьйхина, кечъелла йолчу цо, шен куьзганна тIе а яхана, хаьттира:

– Мила ю дуьненахь массарал хьомениг а, массарал хаза а, кIайн а?

Ткъа куьзгано жоп делира:

– Кхузахь хьо ю массарел хаза а, кIайн а, амма къона паччахьан йоI хьоме а ю, иза хьол эзарзза хаза а ю!

ТIаккха дера зуда сардамаш деха йолаелира. Иза, Iадийча санна, ша хIун дийр ду ца хууш йиснера. Цкъа хьалха цо сацам бира, ша ловзарга гIур яц аьлла, амма синпаргIато яцара цуьнан – цунна, ловзарга а яхана, къоначу паччахьан зудчуьнга хьажа лаьара.

ЦIа чу йоллушехь, цунна евзира КIайлайдарг. Кхера а елла, цецъяьлла йолу хIара ша йолчохь, меттах а ца ялалуш, йиснера.

Догучу кIегаш тIе ехкина яра цунна тIеюха кечйина йолу аьчкан мачаш. Уьш морзахца схьа а еана, цунна хьалха охьаехкира. И мачаш кога а юьйхина, халхайийла езаш яра иза, ша, лаьтта охьа а йоьжна, елла дIаяллалц.






*Детское издание*

**БРАТЬЯ ГРИММ**

**БЕЛОСНЕЖКА**

Перевод на чеченский язык **Тамара Чагаева**

**Рисунки Лариса Пароева**

Макет и компьютерная верстка *Л. А. Фадеева*

Формат 70x100 $^1/_{16}$. Гарнитура Arial






